ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (23.747) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм щ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къарухэм гъэсэныгъэмкіэ я паркым и къудамэ КъБР-м къыщызэІуахыну я мурадщ

КІуэкІуэ Ю. А. хуэзащ 58-нэ армэм и командующ, генерал-майор Никифоров Е. В.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Іэхэукіэ щыхуэзащ 58-нэ армэм и командующ, генерал-майор Никифоров Евгений.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къарухэм гъэсэныгъэмкІэ и паркым и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэІуахыным. Абы хэтынущ музей, мемориал комплекс зыбжанэ, спорт ухуэныгъэхэр, Іэщэ-фащэмрэ дзэ техникэмрэ щагъэлъагъуэ щІыпІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, жылагъуэ Іэхуэхэр, къыщызэрагъэпэщыну щІыпІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Псыдзэм гузэвэгъуэхэр къимыхьын папщІэ

Гъэ кІуам и бжьыхьэ лъандэрэ Тырныауз къалэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ Бахъсэн псым и жапІэр зэтес щыным, ятІэпсхэр нэхъ къыщрихьэх щыпІэм хуэзэу щаухуауэ щыта бетон къуафэр гъэкъэбзэным хуэгъэзауэ.

2017 ГЪЭМ шыщхьэуІум и 14 - 15-хэм бгым кІрихьэхауэ щыта ятІэмрэ мывэмрэ Бахъсэн псыр Іуищ1ауэ щытащ. Абы щыгъуэ псыдзэр къыздрикІуэн хуей бетон хьэкъуафэри ятІэм икудат. Абы къыхэкІыу мы Іуэхум къаруушхуэ ирахьэлІащ. Иджыпсту техникэ зэмылІэужьыгъуэу 18-м нэблагъэ щолажьэ Герохожан, Бахъсэн псыхэр щызэхэхуэжьм дж. А псыхэм я лъагухэр зэрагъэкъабзэм къыдэкІуэу, щыпІэ щхьэхуэхэм деж псы Іуфэхэр щагъэбыдэ.

Зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр нагъэблагъащ. Нобэми мы Іуэхум йолэжь экскаватору 4, абыхэм кърах ятІэмрэ мывэмрэ Іузыш автомашинэу 10.

Герохожан псыщхьэм и щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъоплъ Къурш геофизикэ институтым, МЧС-м я ІэщІагъэлІхэр, Іуащхьэмахуэ районымрэ Тырныауз къалэмрэ я администрацэхэм я лэжьакІуэхэр зыхэт гуп.

ТАРИМ Алисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Экспортымкіэ щыІэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щІышылэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Экспортымкіэ щыІэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Экспортымкіэ щыІэ советым и Іэхэукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щІышылэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №97-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Іэхъуэбгъ Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр

Унаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджещІэгъуэр

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Чочаев А. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьыныжьІэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къулыкъур зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаэ);*

б) Къесын З. А. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хьэрычэт Іуэхур щыдэІыгъыныжьІэ фондым и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)»;*

в) Советым къыхэгъэкІыжьын Гузбэшы З. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№110-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэм къемызэгъыу промышленнэ продукцэр зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтыныжьмкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэм къемызэгъыу промышленнэ продукцэр зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтыныжьмкІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэм къемызэгъыу промышленнэ продукцэр зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтыныжьмкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Іэхъуэбгъ Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр

Гузбэщ1ыкІ А. Ю. - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр;

б) Абдулхаликов Р. З. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиер Республикэмрэ щыІэм и унафэщІыр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжьын Гузбэшы З. А., КІэрэф М. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№111-УГ

«Іуащхьэмахуэ» курортым и лэжьакІэр егъэфІэкІуэным топсэлъыхь

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес бадзэуэгъуэм и 19-м Москва щригъэкІуэкІащ ильэс псом лажьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ «Іуащхьэмахуэ» курортым и инфраструктурэр къыззрагъэсэбэпым, ильэс гъунэгъуэм абы зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм ятеухуа зэІущІэ.

АБЫ ирихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ КІэрэф Мурат, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Тыимыжь Хьэсэн, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІ щхьэхуэхэр.

Байсултанов Одес къыхигъэщхьэхуКІащ туристхэм шынагъэншагъэ къахуззгъэпэщыным хуэгъэзауэ Іэнатіэ псоми ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэгъэуІун зэрыхуейр. «Іуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ туризмэм зыщегъэужьыныр Кавказ Ищхъэрэм и курорт Іэнатіэм и унэтІыныгъэ хэхахэм ящыщщ. Дэ псоми ди къалэнщ «Іуащхьэмахуэ» урысейпсо курорт-рекреацэ комплексым и щытыкІэр дунейпсо мардэхэм едгъэзэгъыну, абы шынагъуэншагъэ къыщыздгъэпэщыну», - жиІащ Байсултанов Одес.

Иджыпсту курортым лыжэкІэ къыщажьхь и гъуэгухэр километр 15,4-рэ мэхъу. Бгым зэрыдэкІ кІапсэ гъуэгу зэмылІэужьыгъуэу 7 мэлажьэ. Абыхэм ящыщщ «Мир» станцым щегъэжьауэ метр 3847-рэ зи лъагагъ щІыпІэм щыІэ, Европэ псом щынэхъ лъагэ дыдэ «Гара-Баши» станцым нэс кІуэуэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм 2015 гъэм иригъэщІа кІапсэ гъуэгур. 2017 гъэм курортым щыІащ турист мин 334-рэ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Пщэдей

«Дунейр збгынауэ фи мыгугъэ»

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъэтмэ,
Дунейр збгынауэ фи мыгугъэ.
Зылі къимыгъащІэ сэ згъэщІами,
Сыт щыгъуи гъащІэр
си щІэщыгъуэщ.
КІ. А.

Къэбэрдей лиримкэм зезыгъэузэщІа, абы зи лъагъуэ бгъуфІэ щыпхызыша тхакІуэ, усакІуэ, драматург, публицист, лъэпкъылІ пажэ КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

АДЫГЭМ и блэкІар къытещыжу КІыщокъуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантІэ», «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Лъапсэ» тхыгъэ купщІафІэхэм хэт щымыгъуазэр?! Лъэпкым, бзэм, хабзэм, щыху зэхущытыкІэм теухуа и усэ куриухэм языхэз гукІэ зымыщІи щыІэуи фІэщщыгъуейщ.

КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр къулей ящІ и гъащІэ купщІафІэм, щалъхуа лІэщыгъуэм екІуэкІа Іуэхугъуэхэм жыджэру зэрыхэтам. Абы Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ къыщигъэлъэгъуащ.

Республикэм и Министрэм я Советым и Унафэщ1ым и къуэдзэу, коммунист партым и обкомым и секретару лэжьащ. 1959 гъэм къыщыщІэдзауэ КъБАССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІу, СССР-м и Литфондым и тхьэмадзу щытащ. Совет Союз къэралышхуэм и щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэм, нэхъ зэфІэкІышхуэ дыдэ зыбградзэхэм ар хабжэрт, тхакІуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэм ящыщт.

Зауэм хахуэу зэрыхэтам, и Іэнатіэ лъагэхэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтам, кІихьа творческэ ехъулІэныгъэхэм пэкІуэу, СССР-м, нэгъуэщІ къэралхэм я орден, медаль куэд къыхуагъэфэщат, КІыщокъуэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр кьыфІащат. КъБР-м и цІыхубэ усакІуэт, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я Къэрал саугъэтхэм я лауреат.

Ауэ езы Алим дежкІэ а цІэ лъапІэ псоми ефІэкІырт къызыхэкІа лъэпкым кьыхуищ1 пщІэр.

«Си гъащІэ нэгъэ щызэхуэнум, шы жэр сытесу среух» псалъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа тхакІуэ гуащІафІэм литературэм и шагъдий игъэІурыщІар нобэми лъэрыхьщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КІыщокъуэ Алим

Гъуэгу къежьапІэ

«Адыгэбзэр сыт щІэдджынур,
Зыдынэсыр Къалэкіыхьырщ», -
Ар ауану Іэджэм жаІэр,
Мышыу псалъэм тІэкІу хэчыхьу.

Щыхэхсхкіэ сэ а псалъэр,
А гушыІэр сигу темыхуэ.
Станцым нэси унигъэсэ,
Ар бзэм дежкІэ уфІэмащІэ?

Бзэр шу лъагъуэм хузогъадэ,
Бгъузэу щытми, станцым нос.
Унэсакъэ - гъущІ гъуэгушхуэм
Къыщыппэплъэу тетыр поездщ.

Уи гъуэгуанэр жыжьэу щытрэ,
УкІуэфынум къыумыгъаззу -
Шым епсыхи, кІуэ мафІэгукІэ.
Тетщ а гъуэгум вагъуи мази.

Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущІ гъуэгушхуэм сытехьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащІэу,
Урысыбзэр сщІэн сльэкІакъым.

Іуащхьэмахуэ телъ уэс къабзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфІэфІт.
Си букварыр зэІусхауэ
Сыкъеджамэ, махуэр уэфІт.

Ноби школым кІуэм а тхьлъыр
Я блэгущІэм цІыкІухэм щІэлъщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм,
Нытехьэну я гум хэлъщ.

Адыгэбзэр, хэт фІэгугъуми,
Ещхьщ си дежкІэ псыІэрышэм.
Ар уэрэду зэхызохыр,
Къурши губгъуи къыдэушэу.

Хэт ухуейми сыкъыдожэ,
Іэджэм япэ сэ сищащ.
Адыгэбзэу си шы Іэсэм
Шы тесыкІэ сигъэщІащ.

Ар си гъуэгум и къежьапІэщ,
Ар си дамэщ, ар си напщІэщ,
Ар сымыщІэу щытыгъатэм,
КІэщІ дыдэнут сэ си гъащІэр.

Сянэм и бзэу си нэм хуэсхь,
Уэ къыптехуэр схуохьу удын.
Гъуэгу тетыныр сэ щызэхкІэ,
Уи Іэр сІыгъыу сыухынщ.

Заводым и зэфІэкІым хегъахъуэ

«Волыт лъагэм ирилажьэ аппаратурэ къыщІэзыгъэкІ Налшык завод» акционер зэгухьэныгъэм и зэфІэкІым хигъахъуэ зэпытщ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу заводым электроІэмэпсымэу сом мелуан 352,2-рэ и уасэ игъэхьэзырри, щэхуакІуэхэм яхуриэщащ. Ар блэкІа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентэ 138,9-рэ мэхъу.

ЩІэупщІэшхуэ зиІэ продукцэр и нэхъыбапІэкІэ къыщагъэсэбэп гъущІ гъуэгу транспортым. Ар Урысей Федерацэм и Іуэхущ1апІэхэм къадэкІуэу ящэху Белоруссием, Къэзахъстаным, Сербием.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш продукцэу сом мелардищІ и уасэ къыщалэжьащ

2018 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми мэкъумэш продукцэу сом меларди 10,6-рэ и уасэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, блэкІа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процентэ 102,8-рэ къыщалэжьащ.

А зэманым гъэш тонн мин 213,8-рэ, 2017 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентэ 102,4-рэ къыщашащ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Зэпыщ1эныгъэхэр

ЩІыналъитІыр гъунэгъу зэхуещІ

Дызэрыщыгъуэзэщи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий бадзэуэгъуэм и 11 - 13-хэм Тулэ областым лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ. Абы щыгъуэуз КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм хэтхэр, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр, туризмэм пыщІа Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ туризмэм зэрызыщиужьыным, и зыгъэпсэхупІэхэм я зэфІэкІым зэпымыууэ зэрыхагъахъуэм и гугъу щащІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м курорт хэмрэ туризмэмкІэ и министр **Щоджэнцыкіу Мурат**, «Іуащхьэмахуэ» курорт, «Хы тхьэрыкъуэ» санаторэ АО-хэм я унафэщІхэу **Беккаев Хьисэрэ Зекіуэрей Алимрэ**, Тулэ областым экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романов Вячеслав**, а щыналъэм туризмэм зыщиужьыныжьмкІэ и комитетым и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Алексеевэ Еленэ**, туроператор, турагент компание пажэхэм я тхьэмадзэхэр, спортымрэ профсоюз зэгухьэныгъэхэмкІэ и комитетым, УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и къудамэм щыщхэр.

Романов Вячеслав хьэщІэхэм фІэхъыс псалъэкІэ захуигъэзащ, Тулэ областым щыпсэухэм къабгъэдэкІыу. Абы къыхигъэщащ туризмэм екъэлІауэ щыналъитІым я зэхуаку къыдэхъуэ зэпыщІэныгъэм мыхьэнэ ин зэриІэр. Алексеевэ Еленэ къыщыпсалъэм къыхигъэбелджылыкІащ туризмэм зыщегъэужьыныжьмкІэ Тулэ областми зэфІэкІышхуэхэр зэриІэр. ЖиІам и щыхьэту, Еленэ жыжьэ кьикІа и лэжьэгъуэм яхуигъэшащ «Тулэ областым и гъуэгурэзнахуэ» зи фІэщыгъэ тхьилъ щыкІуэр.

Щоджэнцыкіу Мурат къыздэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщиужьыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зыхуэдэм.

Апхуэдэуи зэІущІэм щызэрихьэлІахэр тепсэлъыхьащ щыналъитІым щыпсэухэр туризмэм пыщІа хъыбархэмкІэ Интернетым зэрыщызэхъуажэ хъуну щыкІам, хэзыгъэгъуазэ зекІуэ щыкІуэхэр хагъэгурІыми къызэрыщызэгъэпэщыпхьэм, нэгъуэщІхэми.

Властым хэтхэм щыщу туризмэм пыщІа унафэщІхэм къыхагъэщащ зэхьихьэм ярикІуахэм теухуауэ зэгурыІуныгъэ зэращІыпІэну зэрамурадыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

КІыщокъуэ Алим и махуэ

Бадзэуэгъуэм и 22-м илъэси 104-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ. Ди лъэпкъэгъу щэджащэм теухуа дауэдапщэхэр а махуэм сыхьат 11-м щекІуэкІынущ абы и фэеплъу Налшык къалэ администрацэм и унэм и гупэм деж щытым. Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, КІыщокъуэм и дуней тетыкІар ягу къагъэкІыжьынущ.

УсакІуэшхуэр къыщалъхуа махуэм абы и фэеплъым деж илъэс къэс щызэхуос республикэм и творческэ интеллигенцэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим и зэчийм пщІэ хуэзыщІ цІыху куэд.

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Шуудей пашэхэр зэІуощІэ

Къабэрдей Адыгэ Хасэм и хьэщІэщым бадзэуэгъуэм и 18-м щыізэІуащІ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэу Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм къыщызэрагъэпэща шуудей зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэхр.

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей «Шуудей Хасэм» и тхьэмадэ **Къудей Аслъэн**.

- Нобэрей ди зэІущІэр си гуапэу къызэІузох, - жиІащ абы. - КъырихьэлІахэр фыкъыхуздэжв мы гъэм накъыгъэм и 3 - 8-хэм дызыхэта зекІуэм, Адыгэ Республикэм и кІуэжэрэ къалэу 29-р щызэпхьдгъэІэсам, гу зыщыІэныфтахэм, къыщыдэхьулІахэм, арэзы фыкъэзымыщІу къэнахэм, зэман къэунэхум егъэфІэкІуапхъэу къэфлъытэхэм мыбдежым фыщытепсэлъыхьыну.

Адыгэ Республикэм и шуудей зэгухьэныгъэм и пашэ, хьэрыфэтыщІэ **Тхьэпщокъуэ Альберт** кьыхэгъэщыпхъэу къыпхьытэхэм ящыщщ, я зэгухьэныгъэм къыхьыхьэну гукъыдэж зыщІа щІалэхэм дяпэкІэ нэхъ набдзэгубдзаплъэу зэрахущытыпхэри, ущуе дерсхэр зэрадегъэкІуэкІыпхьэри, сыту жыпІэмэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм зекІуэхэм я мыхьэнэр нэхъ лъагэж ищІынущи.

КъыкІэлъыкІуэ Іуэхуу къызэуэсахэр тепсэлъыхьащ шыщхьэУІум и 9-м къыщыщІэдзауэ и 12-м нэсыху Санкт-Петербург щызэхэтыну 20-нэ къэрал зэхуаку шы гъэлъэгъуэныгъэм, «Иппосфера-2018» зыфІащ, щыналъыщым къабгъэдэкІыу лІыкІуэхэр зэрагъэкІуэнум. Налшык къыщыщІэдзауэ гъэзугъаным и кІыхьагъэныщ километр 2800-м нэблагъэ. Ахъшэу текІуэдэнущ сом мини 170-м щІигу.

- А гъэлъэгъуэныгъэм кърашэлІэнущ Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэхъу шы лъэпкъыгъуэу 20-м щІигу, - кІыпищащ и псалъэм Къудейм. - Мы гъэм а Іуэхум дэри дыззэрыхэтынум дрогушхуэ. КъызэрыгъэтынымкІи, а къалэ жьыжьэм зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнум дишэр хуэхьэзырщ.

Зэхуэсахэр тепсэлъыхьащ ди республикэм и шууейхэм 2018 гъэм кьуриубыдэу ди хэгъэгум щрагъэкІуэкІыну я гъэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Зи гугъу ящІахэм ящыщщ адыгэлІ щ.щ.жащэ Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдзкІрэ бадзэуэгъуэм и 21-м илъэси 189-рэ зэрырикъум теуухуауэ зэхащэну зекІуэм щызэщІэшэсэнухэр шыщхьэуІум и 5-м Дзэлыкъуэ щыналъэм хиубыдэ Сэрмакъ къуажэм зэрыщызэрихьэлІэр. А Іуэхум хэтыну ирагъэблэгъащ адыгэ хэгъэгуищым я шууей зэгухьэныгъэхэм хьихьэкІэрэ.

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

● 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ дэкІащ

Мывэр щыхьэт тохъуэ...

Илъэси 112-кІэ, удз къытекІэжарэ укъемыджэфын жыхуиІэм нэсауэ, а гукъинэж псалъэхэр мывэм ихъумащ. Экспедицэм увыІэпІэ ищІа щыпІэм деж апхуэдиз зэманкІэ щылъа абрэмывэр ХХ лІэщыгъуэм къагъуэтауэ щытащ совет альпинистхэм. Мывэр щагъэкъабзэм мыр къыщІэщащ:

«Урысейм и пащтыхь Николай I и пащтыхьыгъуэ зэманым мы щІыпІэм, 1829 гъэм, бадзэуэгъуэм и 8 - 11 махуэхэм къыщыувыІащ Кавказым къулыкъу щызыщІэ дзэхэм я Іэтащхьэ, Кавалериемрэ и генерал Емануэль Георгий; абы дэщІыгъуащ и къуэр - илъэс 14 ныжьым ит Георгий, Урысей Правительствэм лІыкІэ ищІа академик гуп: Купфер, Ленц, Мейер, бгы корпусым и кІуплъкъущІэ Вансович, Минводы щыщ архитектор Бернардацци, Мэжэрым щыщ дунеяпІъэ Бессе. Академикхэм Бернардацци ядэщІыгъуу фут 8.000 (сажнэу 1,143) хым и щхьэкІэ щыІэ увыІэпІэр къыззранэкІри, мазэм и 10-нэ махуэм Іуащхьэмахуэ фут 15,700-кІэ (сажнэу 2,243) дэкІащ, щыгум - фут 16,330-м (сажнэу 2,333) нэсар адыгэ щІалэ Чылар.

Мы мывэм ди ужькІэ псэунухэм яхуреІуатэ Іуащхьэмахуэ и щыгум, иджыри къыздэсым зыми химыгъэщІам, лъагъуэ хэзышахэр хэтми!»

Иджы абы псори щыгъуазэщ: дуней псом япэу Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІар Брамтэ щыщ адыгэлІ Хьэшыр Чыларщ.

Ауэ бгыщхьэм нэс дэкІыну, ЗыльэкІар езым и закъуэщ.

Пшэ зэпщІахэм къахуеплъхьыу, Бгым и щыгум зыщиплъхьэт. АдыгэлІым, игу пымыкІыу, Къыхуихьауэ лъэпкъым щІыхь.

БАЛЪ Хьэзрэт-Алий.
Къуэшыркъуэй къуажэ.

● Абы дегъэпІейтей

«Псынэр» гъужа?

«Псынэ» журналыр къыдэкІыу щыхуежьащ жыыри щІэри щыгуфІыкІат абы икІи и къыдэкІыгъуэр къытхуэмыгъэзэ жыхуаІэм хуэдэу, зи лъэпкъри зи бзэри фІыуэ зылъагъу дэтхэнэ зыри дежьэрт.

ЩХЪУЭКІЭПЛЪЫКІЭТ, купщІафІэт, бзэ гъащІэ щызекІуэ дунеищІэм утришэрти, куэдым щыгъуазэ уищІырт. КІэщІу жыпІэмэ, адыгэбзэм и фащэ дахэу къэунэхуат.

ЩІэныгъэлІхэми КЪБР-м и Іэтащхьэу щыта Къанокъуэ Арсени псалъэ гуапэ куэд хужаІат «Псынэ» журналым. Ар тхыгъэхэмрэ сурэткІэ кьулейт, куэдым я нэгу иригъаплъэрт. НэгъуэщІу жыпІэмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым «къуэш щыкІу къыхуалъхьат», лъэпкъым и бзэр яхуэмэу, ирагъэфІакІуэу зэдэпсэуну дышыгугъыу.

Ауэ «Псынэ» журналым хэт и Іэ щІыІэ теІэба, щхьэ «Гъужа»? МылъкукІэ кьулей хъуа куэд адыгэхэм къыхэкІащ, къыщыдэмыкІыжьым и щхьэусыгъуэр мылъкум елыьтамэ. Адыгэхэм ди фыр тхъумэу, зылъэкІыр зылъэмыкІым дэІэпыкъуу араксэ зэрыщытар?

Псынэр щыкІуаси щыІащ, дышыгугъынщ абы, мыгъужьпэу къыпхивыжьну.

ШЫГЪУШЭ Хьэбас.
Зеикъуэ къуажэ

● Мэшыкъуэ-2018

Зэхыхьэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу щІалэгъуалэ жанхэм, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным хуэунэтІа жэрдэмхэр къыхэзылъхьэхэм икІи ахэр пхыгъэкІыным тегушхуауэ яужь ихьэхэм я зэхыхьэу илъэс ахэр хуауэ къокІуэкІ «Мэшыкъуэ» зыфІащ форумыр. Мы зэманым жыджэру зыхуагъэхьэзыр мыгъэрей абы и зэхыхьэм.

МЫ ГЪЭМ ар Іыхьитіу зэщхьэщыхауэ, шыщхьэуІум и 10-м къыщыщІэдзауэ и 24-рэ пщІондэ екІуэкІынущ. Ди республикэм и лІыкІуэу абы хэтыну Іэмал зиІэнур цыху 205-рэщ, ауэ абы кІуэну хуейхэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхьыбэщ - 600-м щІегъу.

КъБКъУ-м абы хуэгъэпсауэ лажьэ и центрым щІадзауэ къыщыхах зэхуэсым ягъэкІуэнухэр. КЪБР-м Іуэху куэд щызэфІагъэкІ и щІалэгъуалэ центрым и унафэщІ Жаным Саидэ зи пашэ комиссэм хэтщ КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм щыщхэр, КъБР-м Цыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэр. Абыхэм къалэн гугъу къапэщытщ - а зэхыхьэм зи лэжьыгъэ щызыгъэльэгъуэну, зи жэрдэм къыщыхэзылъхьэну хуей дэтхэнэ зыми яІущІэу, епсэлъылІэу, ди зэманым цІыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ Іуэхум хуэгъэпса проект гъэщІэгъуэнхэр зыхьэхьэн хуейщ.

«Иджыпсту едгъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ щІалэгъуалэм я проектхэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр ягурыдгъэІуэжу абыхэм елэжьыжьыныкІэ, лэжьыгъэхэм къыхуагъэув мардэхэр зыхуэдэм, илъэс блэкІахэм «Мэшыкъуэм» хэтахэм гу зылъатахэм зыщагъэгъуэзэныкІэ», - къыхигъэщащ Жаным Саидэ.

- Проектыр тэмэм хъуным, ар пхыкІыным я лъабжьэщ абы жыджэру, гумызагъэу уелэжьыныр, апхуэдэ зэхыхьэхэм нэхъапэми ухэтауэ Іуэху и пІалъэ пщІэныр, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Къэгъуэтыжь Ахьмэд. - Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэ, ди гъащІэм Іэмал имыІэу дызыщыхуей Іуэхум хуэзэхэлъхьа проектхэр зыгъэхьэзырахэрщ абы щытекІуэну Іэмал зиІэнур.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Узыншагъэ

ЙоІэзэ икІи я нэгу зрагъэужь

«Звёздочка» санаторэм щыІэ цыкІуэхэм папщІэ бассейн къызэІуахащ. Сабийхэм ядолажьэ Іуэхум фІыуэ хэзыщыкІ Іэщіагъэлі, дохутырхэр абыхэм я щытыкІэм кІэлъоплъ.

«САБИЙХЭМ я узыншагъэмкІэ икъукІэ сэбэпышхуэщ псым щагъакІуэ зэманыр, - жеІэ санаторэм и дохутыр нэхъыщхьэ Кокутенкэ Еленэ. - Ди Іуэхущ Іапі эм зи тхьэмбыл, тхьэмбыл къуэпсхэр щІэх-щІэхьыуэ уз цыкІуэхэм щІоІ.зэ. Абы и лъэныкъуэкІэ санаторэм щытыкІэ псори къыщыдэгъэпэщащ».

Иджыпсту санаторэм щыІэщ зи ныбжьыр илъэси 3-м къыщыщІэдзауэ 11-м нэс сабийуэ 100-м щІигу. ЯІэ узыфэм елытауэ, цыкІуэхэм зыхуеину хущхъуэхэр яІорохьэ, къуэат зыщІэлъ, зыхуэныкъуэ витаминхэр зыхэлъ ерыскъыхэмкІэ 6 ягъашхэ, физиотерапиекІэ йоІэзэ. Псом хуэмыдэу сабийхэм ягу ирохь Іэпкъльэпкъ шытІэныр, ЛФК-р, бассейным зэрызыщагъэпскІыр. Хьэуа къабзэм зэман куэд щагъакІуэри, егъэджакІуэхэр хущІокъу цыкІуэхэм ар щІэщыгъуэу къыхуэзрагъэпэщыну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Щэнхабзэ

Макъамэмрэ гушыІэмрэ щызэхэухуэна пшыхь

КъБР-м и цІыхубэ артист Дамэн Мурадин зи художественэ унафэщІ «Ридадэ» ансамблым Музыкэ къэрал театрым мэкъуауэгъуэм и 30-м пшыхь гукъинэж щитащ. Ар иригъэкІуэкІащ театрым и артист КІэбышэ Іэхьедэ.

«ГУШЫІЭР Тхьэм и щІасэщ», - жиІащ пасэрейм. Макъамэ гуакІуэмрэ гушыІэ дахэмрэ щызэхэухуэна пшыхь гуапэм зэхуишэсахэм я бжыгъэм тепщІыхьмэ, ар цІыхубэми зэращІасэр нэрылъагъущ. ЭстрадэмкІэ театрым и «Ридадэ» гупыр зэрылажьэрэ куэд мыщІами (илъэситІ), зэфІэкІ зыбгъэдэлъ уэрэджыІакІуэхэр цІыхубэм ягу дыхьэну хунэсащ. Ахэр КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист Къумыкъу Мухьэдин, Щауэ Артур, Сэбаншы Мухьэмэд, Сонэ Мурат, Сэ Радин Радик, Бекъуп Бесльэн сымэщ. Макъ дахэ зиІэ щІалэхэм фонограммэншэу, къабзэу утыку кьрахьэ адыгэ цІыхубэ, эстрадэ уэрэдхэм удамыхьэхынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Псом хуэмыдэу гуапэт кьрихьэлІахэм фІыуэ ялъагъу, радиомкІэ къату щыта, адыгэ уэрэдыжьхэр гум дыхьэрэ лъэпкъ уэрэд жыІэкІэм тету абыхэм зэрагъэзэщІар. Пшыхьым щыжаІащ Тхьэбисым Умар, Щомахуэ Хьэсэнбий, Думэн Мурадин сымэ, нэгъуэщІхэми я Іэдакъэ къыщІэкІа уэрэдхэр. Гупым и пшынауэр щІэрыІуэ хъуну хунэса, лъэпкъ кьафэхэр зыхьумэ икІи ахэр къэзыгъэщІэрэщІэж Лыджыдэ Алийщ, накъыраплщэр Увыж Анзорщ.

Пшыхь щІэщыгъуэр ягъэдэхащ ди республикэм кьащынэмыщІауэ нэгъуэщІ щІынальэхэми щыцІэрыІуэ уэрэджыІакІуэхэу КЪБР-ми КъШР-ми я цІыхубэ артист Мэремыкъуэ Хьусенрэ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Кърым Иринэрэ. Апхуэдэу кърихьэлІахэм гукъинэж ящыхъуащ КЪБР-м и цІыхубэ артистхэу Къуныжь Алимрэ Думэн Мурадинрэ я гушыІэхэр. ГъащІэр гъуджэм хуэдэу къыщыгъэльэгъуа а гушыІэ хьэлэмэтхэм (къызэхуэсахэр иридыхьэшхыу зэбгрыкІыжь кьудей мыхъуу) я кьалэн нэхъыщхьэрати, цІыхухэм я хьэл-щэнхэм хэлъ мыхъумыщІагъэхэм гу лъагъэтэжащ, ахэр зыханыныкІэ гупсысэ я гум къыщагъэуцу.

Лъэпкъ макъамэрэ гушыІэ дахэмрэ къыдэкІуэу гуапагъэр хуабагъкІэ гъэнщІауэ сыхьэтитКІэ екІуэкІа пшыхьыр къызэхуэсахэм гуфІэнэж ящыхъунтэкъэ?! Артистхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ кьрихьэлІахэм я гукъыдэжьым хагъэхъуарэ дэрэжэгъуэ иратауэ зэбгрыкІыжащ. «Ридадэ» гупым и пэрыт концертыр махуэ яхуэхьуну, адэкІи зиузэщІыну, утыкушхуэ ихьэну дыхуохъуапсэ!

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Хъуэхъуэр

И лъэр жану иджыри илъэс куэдкІэ псэуну

Философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, профессор, Социальнэ егъэджэныгъэмкІэ Урысей академием, Дунейпсо кадровэ академием я академик Хьурей Феликс Ахьмэд и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу. Зи гъащІэ псор къыщалъхуа хэкур ефІэкІуэныкъуэ къыщыхэкІа лъэпкъым зиужьыныкъуэ тезыхуа цІыху гъуэзэджащ Хьурейр. ЩІыхьэ депутату щыщыта илъэсхэми, Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІу щыІэжьами, Феликс зэфІигъэкІыр и пщэрылъ къудейм и закъуэкъым, атІэ куэдым нэсу, цІыхухэм защІигъакъуэу апхуэдэщ. ЩІэныгъэ куу бгъэдэлъым и Іэужьщ иджыпсту цІыхухэм ядж абы и ІэдакъэщэкІэхэр.

Дохъуэхъу къыилажьа пщІэрэ щхьэрэ иІэу къыхэзыгъуэгурыкІуэм якъупищэну, узэнщагъэ быдэ иІэу, и щІэблэм ящыгуфІыкІрэ и лъэр жану иджыри илъэс куэдкІэ ди япэ итыну.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр,«Адыгэ псалъэ» газетыр, «Іуащхьэмахуэ» журналыр, КъБР-м и радиор,«Эльбрус» тхылъ тедзапІэр, КъБКъУ-р.

Хъурей Феликс Ахьмэд и къуэм и ныбжьыр бадзэуэгъуэм и 20-м илъэс 80 ирикъуащ

Республикэм щыщІэрыІуэ унафэщІыр, къызэгъэпэщакІуэр илъэс куэдкІэ и унафэщІу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым транспортымкІэ и управленэм икІи а Іэнатіэр къэралым щынэхъыфІ дыдэхэм ящыщ ищІын хуэзфІэкІащ.

Хъурей Феликс зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІщ, щІалэгъуалэм я гъэсакІуэщ. Абы къаруушхуэ ирихьэлІащ ди цІыхухэм я зэхэщІыкІыр къэІэтыным. Иужьрей илъэсхэм абы иригъэкІуэкІа творческэ лэжьыгъэшхуэмрэ кьыдигъэкІа тхылъхэмрэ нэрылъагъу щІыху щхьэхуитым и гупсысэхэр зэрылъагэр, фІым зэрыхуэунэтІар.

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэр Феликс Ахьмэд и къуэм иохъуэхъу уэзнщагъэрэ гуфІэгъуэкІэ тхэнщІа илъэс насыпыфІэ куэд адэкІи къигъэщІэну, гупсысэ щІэщыгъуэ куэд къытхуэзІуихыну.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 21, *щэбэт*

♦Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ - къэралым и махуэ нэхъ лъапІэ дыдэщ. 1831 гъэм екІуэкІа хэхьыныгъэхэм щытекІуэри, пащтыхьыгъуэр Іэщіыхьащ Леопольд Езанэм. А махуэм тохуэ Бельгием и щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэмрэ и конституцэмрэ къыщащтар.

♦Тыркумэным и медицинэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1613 гъэм Урысейм и пащтыхь хъущ Романов Михаил Фёдор и къуэр. Романовхэ ящыщу аращ пащтыхь тахътэм япэу итІысхьар.

♦1829 гъэм адыгэлІ **Хьэшыр Чылар** япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІащ.

♦1906 гъэм Урысейм и правительствэм и унафэщІу ягъэуващ мэкъумэш Іэнатіэм щригъэкІуэкІа зэхъуэкІныныгъэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа Столыпин Пётр.

♦1917 гъэм Урысей правительствэм и унафэщІ хуэщ Керенский Александр.

♦1941 гъэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр Москва япэу щхьэщыхьэри лагъымхэр щрадзыхащ.

♦1969 гъэм Америкэм щыщ астронавтхэу Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвинрэ «Аполлон-11» кхъухьым икІри, дуней псом апхуэдэ къыщымыхъуауэ, Мазэм теуващ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал нып ыр, Къэрал гимныр ящащтащ.

♦Америкэ тхакІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхуэр илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, СССР-м и спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион (1956 гъ.) **Стрельцов Эдуард** къызэралъхуэр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Курж ы уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артистэ **Бреггвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** къызэралъхуэр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщыкынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхьынущ.

Бадзэуэгъуэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦Боксым и дунейпсо махуэщ

♦Москва и уафэр зыхъумахэм я махуэщ

♦Азербайджаным и лъэпкъ прессэм и махуэщ

♦Таджикистан Республикэм и къэралыбзэм и махуэщ. 1989 гъэм таджикыбзэр а къэралым и бзэ нэхъыщхьэу щагъэуващ.

♦1795 гъэм Шереметевым и щІалІэм къыщызэІуахащ «Останкино» театр-уардэунэр.

♦1894 гъэм Париж дунейм щыяпэу автомобиль къызэдэжэхэр щызэхэтащ.

♦1910 гъэм Ясная Полянэ хэщІапІэм мафІэсышхуэ яхьыщыхьэри, Толстой Лев и Іэрытхэр хисхьащ.

♦1927 гъэм Италием къыщызэрагъэпэщащ «Рома» футбол клубыр.

♦1944 гъэм Дунейпсо валютэ фондыр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм КъАССР-м и щакІуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦Авиаконструктор цІэрыІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Сухой Павел** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу. Абы и унафэм щІэту зэпхьэралъхьащ кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэ 50-м щІигу. Абыхэм я нэхъ лъэщу къалъытэхэм хабжэ дзэм къыщагъэсэбэп Су кхъухьлъатэхэр.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІыщокъуэ Алим** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ **Матье Мирей** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы ІакІуэ, композитор, усакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Газманов Олег** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦АР-м щыщ журналист **Мамрыкъуэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артистэ **Розановэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, олимп чемпион, Стэнли и Кубокыр тІэунейрэ къэзыхьа **Зубов Сергей** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщыкынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьынущ.

Бадзэуэгъуэм и 23, *блыщкьэ*

♦Джейхэмрэ хыкъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ. 1986 гъэм ягъэуващ, а псэущхьэхэр илъэс 200-кІэ гущІэгъуншэу зэрызэтраукІам и зэранышхуэ дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрекІым игъэтгъавэрэ. Абы лъандэрэ джейхэр къаубыдуи, я лыр ящэуи ядэркъым.

♦Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ.

♦Осетие Ипщэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ. Абы щыгуфІэу дунейм къыщытехьар япэ осетин газетыр - 1906 гъэм Владикавказ къыщыдэкІыну щІидзащ «Ирон газет» («Осетинхэм я газет») жыхуиІэр.

♦1687 гъэм Париж кІуащ Урысейм и япэ посольствэм щылэжьнухэр.

♦1903 гъэм «Форд» корпорацэм рпэ автомобиль къыщІигъэкІащ.

♦1930 гъэм Москва авиационнэ институт къыщызэІуахащ.

♦1985 гъэм къэралым и дзэхэм хагъэхьащ Іэщэ лІэужьыгъуэщІэ - «Тополь» ракетэхэр.

♦1992 гъэм Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къыщІащ Куржым къызэрыгуэкІым икІи къэрал щхьэхуит зэрыхъуэм теухуауэ.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, генералмайор, тхакІуэ, жыпагъуэ лэжьакІуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦«Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Дзыхьмыщ Къэралбий** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщыщхьэнущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ФІэщ хъунытъэм хущхъуагъэ хэлъщ.

Зэманым къыIэщIэпчыну узыхуей гупсысэхэр, гукъэкIыжхэр... Аэрахьэ нэхъ зыхуэфащэр «тхылъ» фIэпщыну? Зэгуэр ухамыгъэIэбэжу узрагъэджэжыну тхылъкъэ езы гъащIэри? ЩIэхъуимыту зыхуэдгъэувыж мы упщIэхэр къыт-хуэзыгъэкIуатэ IэдакъэщIэкI къыщыдэкIащ иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. Ар игъэхьэзыраш урысыбзэ къудамэм и редактор Куэшбей Жамболэт: «Аулъэ Сариет. Лэжьыгъэ къыхэхаэр».

Зи Iуварыр напэ 600-м щхьэдэх тхылъыр Жамболэт и анэшхуэм, Адыгеймэ, КъБР-ми, КъШР-ми фIыуэ щаIыхуэ Iуэрыуатэдж Аулъэ Сариет теухуащ. Абы ихуа тхыгъэхэр апхуэдизкIэ зыхуей хуэзэ защIэщи, псалъэ дыщIызгъужа-рэт жыуагъэIэркъым. ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэр, езы бзылъхуъ-гъэм и гъащIэ гъэзгуэм теухуауэ итхыжаахэр, анэр ипхъуэм зэреуцие тхыгъэхэр, пхъуэм я зым дунейм ехьжа и анэм хуитхахэр, пхъурылъху щIалэм а псор зэрызэпIуцIауэ щIыкIэр. Къэбэрдеибэзм къигъэзэн хуэмеямэ, захуагъэр езы Сариет и бзэкIэ къэбгъэпсэльэнрат. А Iэмалыр яIэнущ тхылъым урысыбзэкIэ къеджэнухэм.

Аулъэ Сариет и гъащIэ тхылъыр

● Жыжьэ - гъунэгъу

Си гъащIэр

Сэ 1920 гъэм и бадзэуегъуэм Адыгейм хыхь Теучэж районым щыщ Банэжьыкъуей къуажэм сыкъыщалъхуащ. Си адэ Хьэбзэхъумэ Шумахуэ тхьэмыщкIэ хъуа уэркъ пхьэкъыжьым къыхэкIат. Сэри унагъуэм сригьын пажэти, фы дыдэу сыкъалъагъурт, псом хуэмыдэу си анэшхуэ Гащэнейра си адэмрэ.

Си анэм и гугъу щIыпIэ, си ныбжьыкIэ, си ныбжьыкIэ щIалэ, си ныбжьыкIэ дыгъэсэрт, дзэм тлъэкI къэдгъанэрэтэкъым. СыщыщыкIым дербзэр Iэщ Iагъэм егъэлеяуэ сеохуапсэрти, си анэр згъэпсэуртэкъым «дэкIэ сегъаСэ» жысIэурэ. Ауэ абы сыкъыIуихужь зэпытт, зыгуэр сигъэльагъун Iэзку зэримыхуэхкэу. Си анэм псэуныгъэм пыща лэжьыгъэ гъэрми дыхуигъэсауэ къысхуэщIэжыркъым. А тхьэмыщкIэ щIыкIум езым и адэ-анэр пасэу фIэкIуэдри, и адэ кIуэшым иплIжати, адэ-анэм я IэфI зыхищIатэкъым. Ди анэри ди анэшхуэри къытхуэткIийхэт, адапэсэлъэхмэ е жаIэр дымыгъэзащIэмэ, егъэлеяуэ къытхуэгугбжьхэрт. ТIури зэмыплъэкIыжу лъэпкъ хабзэм тетт, дзи апхуэдэ дыщыбмыту ядэрт-тэкъым.

Илъэс 12 фIэкIа сыкъэрт-къым ди адэр щытфIэкIуэдам. Ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цыхьу гъащIэгъэнт, адэ гумащIагъ зыхэлъ лIы щхьэхъуэ. Аращ щIэныгъэм дыхуэпабгъэу дызыщIагъи, фIыуэ демыджэу мыхъуну ди хьэлым къыхэзыпщари, цIыху гъэсауэ, хабзэ тхэлъу дыщытын зэрыхуейр къыджезыIэ зэпытту щытари. А зи гугъу тхьэгъэIыж: «Къуэм адэм щхьэкIэ зэкуэ щапхъэ къытхуэхъужыт. Ди анэмрэ ди анэшхуэмрэ елъытауэ ди адэр щхьитI-щыкIэ нэхъ лъагэт. ГъащIэм зэрелпIри нэгъуэщIут...

Унагъуэ хъыбар

Ди адэр и ныбжьэгъухэм яхуэтхэ зэпытт. Зэгуэр и цIыхугъэ гуэрым къыбгъэдэкIыу тхыгъэ къыхтхуэхуэ. Сэ абы сыщыгъуазэтхьэм, Фатэт ятэу зы-Iэрыхьари, тхыгъэр зэтричри къеджащ. Хуэмурэ унагъуэр зэхуосыж, ди адэм и тхыгъэр зэрызэтечам гу лъетэ. Зэуэ Фатэ зыбгъэдещэри йоупщI:

- Мы тхыгъэр зыхуагъэхьам и цIэм къеджэт.

- Хьэбзэхъумэ Шумахуэ Ас-лъэмбэч и къуэм.

- Уэрахьэм зыхурагъэхьар, пажкъэ?

- Хьэуэ, ди адэ, сэракъым.

- АтIэ сэ уэкъыдзэмыупщIу си тхыгъэр щхьэ зэтепчА? Апхуэдэу, си хъыджэбз цIыкIу, зэпщIэм пщIэ хуумыщIу, блэжьри емыкIуу аращ.

Фатэ апхуэдэу зэи имыщIэжыну къыгъэгугъащ.

Пхъашагъым хуэхей цIыхут ди адэр. Ди анэмрэ ди анэшхуэмрэ къышыщдзыдзэкъм я тещ къыщыттралъхьэжм деж, абы сыт щыгъуи игу хэщIырт. Аращ сигу нэхъ къинэжар си адэм теухуауэ.

ЦIыхубэм я бийм и бын

Краснодар дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникумым и япэ курсыр къэзухауэ етIуанэм сыщIэст. Зыгъэпсэхугъэр Банэжьыкъуей щыдгъэкIуэрт. Зэрыкъыщ Iэдыдэу, 1937 гъэм щыщхьэуIум и 7-м гъэзэгъэушхуэ дыхоуэ - ди адэр ягъэтIыс. Сэ си нэгу щIэкIат ар къызэрыхъуа щыкIэр. Ди анэр абы щыгуфэм и шыпхъуи дежи Мейкъуапэ щыIэт, ди анэшхуэр гъунэгъум екIуэкIат. Хьэбзэхъумиц къыдыхьэщ, унэр зэIащIэщ, ди адэм и тхылъ тIэкIур зэрагъэдэзэкIри, и хьэпшыпхэм хэпщIэпщIыхьащ, итIанэ яубыдри дашащ, «пщэдджыжь къэштшэжьинущ» жаIэри. ЩыдэкIым щабэу зыкъызишэкIщ, ба къысхуиущри мыхъэжиIащ: «Умыгузавэ, си хьыджэбз цIыкIу, псори хьарэнэу зэфIэкIынущ, уэ нэхъыфIыжу едж закъу». Аращ и иужьрей псалъэу зэхэсхар, афIэкIа зэи тIыгъуржакъым.

Техникумым еджан щыщIадзэжащ. Псори зэрыщытауэ екIуэкIыху, ди адэр зэрагъэтIысcar ди еджэныгъэ Iэхъум зэран хуэхъуну дигу къэкIакъым. ЯгъэтIыса куэдым я бын щIэст техникуммки, илъэс ныкъуэ дэкIа нэужь еджапIэм дыщIагъэсынрэ дыщIадзыжынрэ зэхагъэкIыну Iэ!эт ирагъэкIуэкIыну мурад ящIат. Парт комитетым и унафэщIыр Суажь Исмэхьилт. Ар ягъэтIысахэм я бынхэм я цIэ-унэцIэхэр зэрыт тхылъымпIэ напэр иIыгъуу къэпсэльапIэм дэкIуейри, хуабдерс зыбжанэ дзэгъэхуауэ зэрыщытар. СыщыдэкIыжа махуэм мамэ къызэупщIыну си цIэр къреIуэ. Сэ, дауи, сихьэзыркъым. «ТIу» схуегъэув. Зэрыклассу къысщхьэщыжырт: «Ар сымэджащ, хуумыгъэув «тIу»!» Ауэ мамэ яхуэкIуэтакъым. Езыр псори нэгъэсыпаи уэ фIэкIа зымыщIэр щIыхьт, дэни «щыотличницэт». Абы ищIэр мащIэт? ЦIыхухэр хъу унагъэр, абы щыщу щыр сабийуэ, зэрихьэн хуейт. А псори хьэку щагъэплъ пэш цIыкIунитIитIым. ИужькIэ и Iэхъум институтым зэрыщеджэр къыхэхъуэжат. Зэгуэр мамэ сыбгъурыту уэрамым срикIуэрт. Илъэсих хуэдизт сызэрыхьур. И зы Iэм си Iэр IащIэпэт, адреймкIэ тхылъхэр зэрыль портфелымрэ ерыскъы зэрылъ хъуржьыныр зэрыщеджэр. Ди анэ ди адэ. Ауэ ар ди анэ. Ди анэ ди анэшхуэри къытхуэткIийхэт, дапэпсэлъэхмэ е жаIэр дымыгъэзащIэмэ, егъэлеяуэ къытхуэгугбжьхэрт. ТIури зэмыплъэкIыжу лъэпкъ хабзэм тетт, дзи апхуэдэ дыщыбмыту ядэрт-тэкъым.

Илъэс 12 фIэкIа сыкъэрт-къым ди адэр щытфIэкIуэдам. Ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цыхьу гъащIэгъэнт, адэ гумащIагъ зыхэлъ лIы щхьэхъуэ. Аращ щIэныгъэм дыхуэпабгъэу дызыщIагъи, фIыуэ демыджэу мыхъуну ди хьэлым къыхэзыпщари, цIыху гъэсауэ, хабзэ тхэлъу дыщытын зэрыхуейр къыджезыIэ зэпытту щытари. А зи гугъу тхьэгъэIыж: «Къуэм адэм щхьэкIэ зэкуэ щапхъэ къытхуэхъужыт. Ди анэмрэ ди анэшхуэмрэ елъытауэ ди адэр щхьитI-щыкIэ нэхъ лъагэт. ГъащIэм зэрелпIри нэгъуэщIут...

Унагъуэ хъыбар

Ди адэр и ныбжьэгъухэм яхуэтхэ зэпытт. Зэгуэр и цIыхугъэ гуэрым къыбгъэдэкIыу тхыгъэ къыхтхуэхуэ. Сэ абы сыщытуаззэкъым, Фатэт ятэу зы-Iэрыхьари, тхыгъэр зэтричри къеджащ. Хуэмурэ унагъуэр зэхуосыж, ди адэм и тхыгъэр зэрызэтечам гу лъетэ. Зэуэ Фатэ зыбгъэдещэри йоупщI:

- Мы тхыгъэр зыхуагъэхьам и цIэм къеджэт.

- Хьэбзэхъумэ Шумахуэ Ас-лъэмбэч и къуэм.

- Уэрахьэм зыхурагъэхьар, пажкъэ?

- Хьэуэ, ди адэ, сэракъым.

- АтIэ сэ уэкъыдзэмыупщIу си тхыгъэр щхьэ зэтепчА? Апхуэдэу, си хъыджэбз цIыкIу, зэпщIэм пщIэ хуумыщIу, блэжьри емыкIуу аращ.

Фатэ апхуэдэу зэи имыщIэжыну къыгъэгугъащ.

Пхъашагъым хуэхей цIыхут ди адэр. Ди анэмрэ ди анэшхуэмрэ я къышыщдзыдзэкъм е теущ къыщыттралъхьэжм деж, абы сыт щыгъуи игу хэщIырт. Аращ сигу нэхъ къинэжар си адэм теухуауэ.

ЦIыхубэм я бийм и бын

Краснодар дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникумым и япэ курсыр къэзухауэ етIуанэм сыщIэст. Зыгъэпсэхугъэр Банэжьыкъуей щыдгъэкIуэрт. Зэрыкъыщ Iэдыдэу, 1937 гъэм щыщхьэуIум и 7-м гъэзэгъэушхуэ дыхоуэ - ди адэр ягъэтIыс. Сэ си нэгу щIэкIат ар къызэрыхъуа щыкIэр. Ди анэр абы щыгуфэм и шыпхъуи дежи Мейкъуапэ щыIэт, ди анэшхуэр гъунэгъум екIуэкIат. Хабзэхъумиц къыдыхьэщ, унэр зэIащIэщ, ди адэм и тхылъ тIэкIур зэрагъэдэзэкIри, и хьэпшыпхэм хэпщIэпщIыхьащ, итIанэ яубыдри дашащ, «пщэдджыжь къэштшэжьинущ» жаIэри. ЩыдэкIым щабэу зыкъызишэкIщ, ба къысхуиущри мыхъэжиIащ: «Умыгузавэ, си хъыджэбз цIыкIу, псори хьарэнэу зэфIэкIынущ, уэ нэхъыфIыжу едж закъу». Аращ и иужьрей псалъэу зэхэсхар, афIэкIа зэи тIыгъуржакъым.

Техникумым еджан щыщIадзэжащ. Псори зэрыщытауэ екIуэкIыху, ди адэр зэрагъэтIысcar ди еджэныгъэ Iэхъум зэран хуэхъуну дигу къэкIакъым. ЯгъэтIыса куэдым я бын щIэст техникуммки, илъэс ныкъуэ дэкIа нэужь еджапIэм дыщIагъэсынрэ дыщIадзыжынрэ зэхагъэкIыну Iэ!эт ирагъэкIуэкIыну мурад ящIат. Парт комитетым и унафэщIыр Суажь Исмэхьилт. Ар ягъэтIысахэм я бынхэм я цIэ-унэцIэхэр зэрыт тхылъымпIэ напэр иIыгъуу къэпсэльапIэм дэкIуейри, хуабдерс зыбжанэ дзэгъэхуауэ зэрыщытар. СыщыдэкIыжа махуэм мамэ къызэупщIыну си цIэр къреIуэ. Сэ, дауи, сихьэзыркъым. «ТIу» схуегъэув. Зэрыклассу къысщхьэщыжырт: «Ар сымэджащ, хуумыгъэув «тIу»!» Ауэ мамэ яхуэкIуэтакъым. Езыр псори нэгъэсыпаи уэ фIэкIа зымыщIэр щIыхьт, дэни «щыотличницэт». Абы ищIэр мащIэт? ЦIыхухэр хъу унагъэр, абы щыщу щыр сабийуэ, зэрихьэн хуейт. А псори хьэку щагъэплъ пэш цIыкIунитIитIым. ИужькIэ и Iэхъум институтым зэрыщеджэр къыхэхъуэжат. Зэгуэр мамэ сыбгъурыту уэрамым срикIуэрт. Илъэсих хуэдизт сызэрыхьур. И зы Iэм си Iэр IащIэпэт, адреймкIэ тхылъхэр зэрыль портфелымрэ ерыскъы зэрылъ хъуржьыныр иIыгът. Дауэт абы а псор къызэрехьэлIэр? Е тхьэусыхэнтэкъым, е ди адэм хуэшхыдэнтэкъым, и гукъыдэж къудей ехуэхауэ зыкъыдигъэлъагъуртэкъым. Сыт щыгъуи екIуу хуэпауэ, гуапэу апхуэдэт. Пэжыбгъэм жэуаплныгъэ хуиIэт. Жэщым щыгъуэлъжжкIэ щхьэнтэ лъабжьэм къалэмрэ зэрытхыхь тхылъ цIыкIурэ щIилъхьэрт.

Мамэ и Iэпэм дыщэ къыпыщIырт, фIы дыдэу дэрт. Унагъуэ псом щытIIагъэр зыдыр арат: хъыджэбз цIыкIуищ, ди анэшхуэр, езыр, и пхъурылъхур. СощIэж модэм теухуа журналым еплъурэ еджапIэм сызэрыкIуэн кIапхъин схуидауэ зэрыщытар, апхуэдэ дыдэу кIэхэм щегъэжьауэ бэлътом нэс. Ету щыжьим, гъущIынэ хэчкIэн хуэдэ Iэзхуэхэри зыми емылъэIуу езым ищIэжырт. Зэи зыми еплъэIуртэкъым, и щхьэм щыгугъыж зэпытт.

Ахъшэ зэрыримыкъум хуэбащэт. Мылъку лей зрилъэфэн и жагъуэт. «Сэ тхылъ фIэкIа мылъку сиIэжьым», - жиIэрт. Япэ дыдэ си деж хъэщIапIэ накIуэу тхылъ зэрызимыIэр щилъэгъуам и жагъуэ хъуат: «Дэнэ мы хьэпшып зэхуэхъэсын хьэлыр къызидипхар? Сыт мы хьэкъыщыкIу гъэлъэгъуэнигъэри зищIысыр?»

ИтIанэ нэгъэщI гъащIэм щIидзащ. Мамэ гугъуехьыщIэхэр къыпщылытэ: гукъэкIышхуэ зиIэ цIыху Iущу, псом нэхъыр нэхъыщхьэращи - цIыхушхуэу, цIыху зэчиифIэу щыта ипхъу Мирэ дунейм ехьжат. ЕгъэIелеяуэ и къарум щыгугъыж цIыху пэжт Мирэ, захуагъэм и телъхьэ псэемыблэжт. Си гугъэмкIэ, абы и дуней еплъыкIэр зэфIэувэзыж псом нэхъэрэ нэхъыбэ хэзыльхьар ди анэращ.

И ныбжь хэкIуэта нэужь, ди анэм зэрыхьукIэ зыри емыгъэщIыну сыхэтт. А зэм фIэкIа сщIэжкъым ар Iэнэм теуIуэу шхыдауэ: «Сэ Iуэхуншэу сыщIсу сесакъым». Си анэ дыщэм ди Iуэху зэрихуэ зэпыту есати, ар къару хуэхъурт. Иджыпсту ар сыту зыхэсщIыкIрэ. Сыпхъэарэзыщ, си псэм хуэдэ, сызэпльэкIыжу сызыдэплъеин зэрызIэм щхьэкIэ... Си гъащIэм ухэтащ, сыт щыгъуи ухэтынущ.

Сэ си гукъэкIыжхэр

(Куэшбей Жамболэт, Сариет и пхъурылъху, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и урысибзэ къудамэм и редакторым, игу къегъэжьауэ)

Япэу си нэгу ящыIыхьэж тепльэгъуэжр Мейкъуапэ епхащ. Абыхэм къыхоувэ Аулъэ Сариет - зэи хущIэмыихьэ бзылъхугъэ щIалэ лъагъуэфIэ. СщIэрэкъым къызыхихар инджылы-зыбзэ сригъэджэн хуейуэ. Сурэт хужь-фIыцIэжэр зэрыт тхылъ Iывышхуэ си нэгу къыщIоувэж. Япэ дыдэу инджылызбзэкIэ «анэшхуэ» щыжысIам зэрыгуфIари си нэгу щIэтщ. Ауэ зыззэрысщIэжрэ «мамэщ» сызэрелджар, си анэ Мирэ и цIэмкIэ седжэрт.

1939 - 1954

Сариетрэ абы и шыпхъу ФатIимэрэ «цIыхубэм я бийм и бын» жыхуаIэ цIыху гупшхуэм хэхуат. Нобэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым абыхэм яIэчар зыхуэдизыр. Я анэ КъутIас «цIыхубэм я бийм» зэрищхьэгъуэсэм къыхэкIыу хэхыныгъэри, унэри, ехьэшыпхэри трахри, и гущэм дежIэпхъэжьмэ ухуат. «ХьыбагерегъащIэхэм» замыгъэпсэхужу хабзэхъумэхэм тхыгъэщIэхэр хурагъэхьыр. Абы нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжщ «цIыхубэм я бийхэм я бынхэм» ящыщ куэдым итIанэмэ хэкур фIыуэ яльагъуу къызэрынар. Абыхэм ящыщт Сариети.

1939 гъэм Сариет Аулъэ Мэлыч (1917 - 2001) дэкIуащ, Тхьэдэ щIэныгъэхэм я доктор, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь Аулъэ Мэлыч гъащIэ гугъу къэзыгъэщIа цIыху зэчиифIэт. Абы и цIэ-унэцIэ дыдэр Къакъупщ Абдулт. Аулъэхэ япхъу и анэр абаазэт, абзэзкэ лъэпкъым щыщ Къакъупщ Айса дэкIуаеи, щхьэусыгъуэ гуэркIэ и дыщым, Хьэкурыпхэхьэблэ, къыгъэззжауэ дэст: ЩIалэ цIыкIуми щIэщIэ фIащри, и анэм и дыщ унэцIэкIэ ирагъэтхат, и адэщIэ ри мащIэу яхъуэжат...

«Iуэхур здэнэсаращи, - хуетх зэгуэр Аулъэ Мэлыч КПСС-м и ЦК-м и лэжьакIуэ Маленков Георгий, - аргуэру уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэн Iуэхуу Iэ сагъэхъуанщэ, 1918 гъэм дуней ехьжа си адэр 1938 гъэм хэкум ирашауэ жаIэри». Шыналгъэт Сталиным и зэманыр. КIэ имыIэу бзэгу яхьаурт, ущагъэтIысыныр ущыдашынмрэ я къыпхуэмыщIэу, уаукIынкIи тIэу епльынутэкъым. Сталинрэ дунейм ехьжа нэужь, гъащIэр куэдкIэ нэхъ тынш хъуат, ауэ Мэлычи Сариети «тетхьыжьныр» щагъэтыртэкъым. А лъэхъэнэм и гугъу щищIкIэ, Сариет жиIэрт: «СызэплъэкIыжуэ сошынэ, дауэ сигу техуа а къомыр» жызоIэжри».

Ухуэзэныр насыпышхуэт

(Сариет дэлэжьа, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Кучмезовэ Марие игу къегъэкIыж, 2018 гъэ)

Сарэ хуэдэ цIыху сыхуэзэну къызэрысхуихуар насыпышхуэу зыхищIэхэр наIуэ къищIыпэрт. Къалэм дыдэкI хъумэ, дунейм и дахагъэм зыщигъэнщIырт зэкъым. Сурэтыщым ещхьу, ди хъуреягъкIэ щилъагъу дахагъэ псоми гу лыитэрт.

Сыт кхъэуми, Сарэ гуапэу, узэхэзыщIыкI цIыху Iущу къыбгъэдэхт. Зэкъым, тIэукъым абы щыхьэт сызэрыхуэхъуар. ЗэкIэлъыпытыу гуэзвэгуэ зыбжанэ сыIууат. Зыр зым иужь иту илъэс ныкъуэм и кIуэцIкIэ си дэлъхуищым щыщу тIур дуейм ехьжат. Къысхуэгугъэва нэужь, Сарэ чэнджэщ къызэтташ фIыцIэ зэфэзэщIкIэ зыкъыхуэпэну. А зэманым си институтым и щIэныгъэ секретару сылажьэрт. Лэжьэгъужьэ къыщIыхьэмэ, фIыцIэ защIэкIэ хуэпа бзылъхугъэ я ялъагъуну кхъетхэльэнущ жиIэрт. Сэри арэзы сыхъуащ. Езыр фIыуэ дэрти, къызэдэпыкъуауэ щытащ. Нэм зыкъыщIыщIыкъу бостей екIу схуидат. ТфIэгъуэр къыбдэзыгуэхащ. ПщогъуэщIэж, «Сэ уеуэхым къыбдыхэтыр гум ихуркъым.

Игу къыщIыщIэгъуэм дэж, псалъэ хуэзэ къигъуэтыбфрт Сарэ. Езым егъэлеяуэ куууэ зыхищIэ гуаауэ хьэлъэ игъэзварт - пасэу ипхъу фIыцIэдат. ГащIэм и удынхэм Сарэ и узынщагъэм хагъэщIами, и псэуныгуи е ежауэ щыгъуэм, зэрылъэжьэныгуу къызэтенат.

И уна сыщелбгъэм, ар хъэщIэ зыфIэфI цIыхубз IэкIуэлакIуэу зэрыщыстыр згъэунэхуащ. И пщэфIапIэ тыншым шей дыщефэрт. Сарэ и пхъурылъхур плъагъурт хъэщIэщым щIэлъ тхылъхэм яхэсу тхылъ еджэу е джэгуу. Ар ин хъуащ, тхаIэу, усакIуэ щIыхьэ. Цыху къыхэкIащI Кузшбей Жамболэт и хьэлым, си гугъэмкIэ, Сарэ щыщ куэд хэлъщ.

ЦIыху нэгъэсауэ, зэпIэзэрыту, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, кавказ гъэсэныгъэр къызыпIырыщ щIыхубзу щыт Сариет бзылъхугъэхэми хъулъхугъэхэми ф эрыщыIыгъэншэу пщIэшхуэ къыхуащIырт. ЛэжьакIуэ гупым абы Iуплъж щиIэр лъагэт.

Аулъэ Сариет си нэгум цIыху дахэу, цIыху щIэщыгугъу, бгырыс бзылъхугъэм и щапхъэ наIуэу, щIэныгъэ Iэхъум хуэIэижь лэжьакIуэу къыщIэнащ.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Напэмрэ гущIэгъумрэ япэ изыгъэщахэр

«Бийм къиувыхьа Ленинград щыщ сабийхэр Беслъэней шэрджэс къуажэм къызэрыщрагъэлар» тхылъым профессор Аурон Яир хуищIа пэублэ

Мы лэжьыгъэм сызэрыпэрыхьа щIыкIэр гъэщIэгъэнэщ. 2011 гъэм си ныбжьэгъумрэ си лэжьэгъу зыбжанэрэ си гъусэу Иерусалим кьалэжьым сригъэIуэгъэти, Израильым щыпсэу адрей журтхэм яльагъуну Iэмал зыхуамыIэ щыпIэ гуэрхэм зыщытплъыхьат. Абыхэм ящыщт Iуащхьэ ЛъапIэм (Храмовая гора) тет мэджжыт зыбжанэри. Ди хъумакIуэхэм я зыр Галилеем хыхьэ Кфар-Камэ къуажэм щыщ адыгэ щIалэт. Дунейпсо тхыдэм щекIуэкIа лъэпкъгъэкIуэдхэм ильэс куэд хьауэ сызэрелжьыр щызэхихым, абы къызжиIащ: «Куэдым ящIэркъым, ауэ ди лъэпкъри ягъэкIуэдахэм ящыщщ».

ПэжыР жысIэнщи, сэри, си гъусэхэм ящыщ зыми абы си гугъу ищIым теухуауэ зыри игъащIэм зэхэтхатэкъым. Зэрымыщ1кIэ сыдыхуэза а щIалэраращ Кавказыр XIX лIэщIыгъуэм щабыдым щыгъуэ екIуэкIа адыгэ лъэпкъгъэкIуэдым и гугъу япэ дыдэу къысхуэзыщIар. Зи сыздримыхьэлIа щIэныгъэлI лэжьыгъэ зыбжанэ седжащ иужькIэ. А щIалэ дыдэм зыри зыхэзмыщIыкIыхэр нэгъэщI тхыдэ нэхъыщхьэ зэIуихащ. Абы къызжиIэжащ Кавказ Ищхьэрэм ЕтIуанэ дунейпсо зауэмрэ Холокостымрэ (журтлъэпкъгъэкIуэд) я зэманым сабий гуп къыщагъэла адыгэ къуажэ зэрыщыщIэр, а сабийхэм журт куэд зэрахэтар. А къысфIэIуэхуэхэм ятеухуауэ нэхъыбэ къэсщIэн хуэдэу, Кфар-Камэ зэхуэзэм и кIэм себлэгъэну гуапэу къызжаIащ.

Кфар-Камэ къуажэр Галилее Ищхьэрэм хуоз. Израильр къэралыхъуэхъыми, сыхьат бжыгъэм унэсыфынут абы. Арати, япэу сыщыхъущIыхьэ махуэм сыкIуащ. Израиль псом щэрджэс музейуэ ит закъуэр дэтщ абы. Хьэпшып куэд щIэмыльми, сигу кьинэжащ ар. «Кавказ Ищхьэрэм щыIэ адыгэ хуэажэм къыщагъэла журт сабийхэм ятеухуауэ зыгуэр пщIэрэ?» - жызоIэри соупщI музейм и унафэщым. «Дауэ сымыщIанрэ? - къызэжаIуап. - Сэ а къуажэм сыщыIащ, а хъыбарыр зи нэгу щIэкIаxэм къызжаIэжащ».

Зэхэсхам сыкъигъэуIэбжьри, жейм семызэгъыж сыхъуащ. Холокостым и зэманым журтхэмрэ урыскэмрэ я сабийхэр мусльымэн хабзэм хэпсэужI адыгэ къуажэм зэрыщагъэпщкIуэр къэсщIа нэужь, ар адэкIэ сыбзыщIыныр си цIыху наIэм къыщIэхуемыгъэзэгъуу, сэ схуздзу абы щымыгуязэ журт нэхъыбэм, зэрыхъкIэ, яжеIэжыныр си къалэну къэслъытащ. Зэман дэкIыу, музейм и унафэщIым зэгуэсу Къэрэшей-Шэрджэсым дигъэкIуэну сыщыслъэIум, си гуапэ хуэдэ ар арэзы зэрыхъуар.

СыдэущIар игъащIэкIи сщыгъупщэныжкъым. ЦIыхугъэмрэ гущIэгъумрэ зищIысыр наIуэ пщызыщI хъыбар гуэрзэдж щызэхэсхащ а щIыналъэм, ЕтIуанэ дунейпсо зауэмэ Холокостым абы хуэбгъэдэн зыщIыпIи къыщIыныхьауэ. А сабийхэр зыгъэпщкIуэхэм ящыщу нобэ зыри псэужькъым, кърагъэлахэм я нэхъыбэрэ дунейм ехьжащ, ауэ зыгуэрэхри псэути, тэрмэшхэм тхъэрадзэкIыуэ абыхэм сепсэльащ. Ильэсищ дэкIа нэужь, аргуэру Беслъэней къуажэм сыкIуащ, ахэр щапIа адыгэ унагъуэхэм дэлъху, шыпхъу щахуэхуахэм садэуэрэшэращ, благъэ яхуэхъуа нэгъуэщI зыгуэрэмэ захуэзгъэзащ.

А хъыбар телъыджэр зыми зэхимыха пэлъытат: Израилми, куэдрэ сыздакIуэ, си тхылъхэм я нэхъыбэр къыщыдэкIа Франджыми, США-ми, нэгъэщI къэралхэми зыри а Iэхуэм щыщыгъэхэтэкъым. Сэращи, кхъэуар къызэрысщIэрэ, тхыдэ щIэныгъэр зыхуэчэм напэкIэуцI гуэр ирагъэжьауэну жэуаплныгъэ къыстехуэу къызэлъытэ. Зи гугъу сщIыр Беслъэней шэрджэс къуажэм щызэрахьа лIыгъэращ. Ар цIыхухэм ящыбгъэгъупщэ мыхъун Iэхуущ.

Си гущIэм и нэхъыбэр лъэпкъгъэкIуэдхэмрэ Холокостымрэ джыным тезгъэкIуэдащ. Шэч хэлъхьэ лъэпкъгъэкIуэдыр цIыхухэм яIэщIэщIэнкIэ хуэу щIэпхъаджагъэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытым. Сыт хьэпIэмэ, абы зыкIи мыкъуанщэ цIыху хейхэр хокIуадэ. Ахэр зэрыкъуанщэр лъэпкъкIэ е динкIэ зы гуп гуэрым щыщу къызэрыщIэкIращ. А Iуэхум селэжьыху зэкъым, тIэукъым сымышхэжьфрэ сымыжеижьфу сыкъызэрыпар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, егъэлеяуэ гугъущ уэ пхуэдэ гуэрым нэгъэщI цIыхум ирищIылэфыну хьэкIэжхъуэкIагъэр уи гум тебгъэхуэну. Уи гур къызэрегъэгъуэтыж а цIыхухэр щызэтрауэкIам щыгъуэ абы хэмыувам къыщымыну, фIыкIэ хэIэбэфын гуэрхэр къызэрыкъуэкIам. А щIэпхъаджагъэ щынагъуэхэр щекIуэкI щIыпIэ псоми сыт щыгъуи къыщыдухэтрт лей зыгъэтхъэ-хэм къащхьэщыжьыф цIыху зыбжанэ, езыхэри хэкIуэдэн щынагъуэ щIыIэу. Апхуэдэхэр, аргуэру зэ жьэIэри, сыт щыгъуи мащIэ дыдэт. Нэхъыбэр щыхьэт къуэдейуэ къэувэрт, а щIэпхъаджагъэхэр къамыгъэхуэн щхьэкIи зыри ямыщIауэ. Куэдым къагурыIуэркъым а лъэпкъгъэкIуэдхэр къыщIэхъур нэхъыбэм абы я Iуэху хэмылъыхэ хуэдэу къэзгъэрыщIыхэр зэрыварар. Абы къыхэкIыу, цIыхухэм лей къащытхэкIэ абы пэмыуву еплъхэм а щIэпхъаджагъэхэр зыщIахэм яхь жауаплныгъэр дагъэш хуэдэу мэхъу. ГурыIуэгъуэкIэ, ялэжь гущIэгъуншагъэр къызыдIэIуэху нэхъыбэ щыIэху, къелынухэри зэрынэхьыбэнур, ар зылэжьхэри ящIэм апхуэдэу тыншу зэрытемыгушхуэнур.

Лажьэ зимыIэм къыщхьэщыжьым лIыгъэ къызэрымыкIуэ къегъэльагъуэ. БлэкIамкIи къэкIуэнумкIи уплъэмэ, апхуэдэ лIыгъэм нэхърэ нэхъ уасэшхуэ зиIэ щыIэкъым. Апхуэдэ цIыхухэращ апэжыпIэкIэ Тхъэм бгъэдэту псэууэ къэлъытапхъэр. Яынныкъуэхэм ахэр мелыIыхэм хуагъадэ, ауэ дигу идгъэлъэн хуейщ ахэри, дэ тхуэдэу, а щIэпхъаджагъэ зезыхьэхэм яхуэдэ дыдэу лырэ лъыуэ зэIыпIь цIыхуу зэрыщытыр. Итанолием щыщ усакIуэ, публицист Леви Примэ Холокостым и лъэхъэнэ гугъум лей зытехьэхэм къащхьэщыжа урым щIалэ гуэрым и гугъу ищIурэ, жиIэрт: «Лоренцэ къызэрыкIуэ цIыху хьэлэмт. НэгъэщI цIыху къебгъэлын щхьэкIэ акъылышхуэ бгъэхьейуэ, мылъкушхуэ уиIэу щымытынкIэ Iэмалынщэкъым, ауэ, щэч хэмылъу, емрэ фIымрэ зэхэбгъэкIыфу уцытын хуейщ. ИтIанэ - уи напэм къыппиубыдыр япэ ибгъащIыфу, уи щхьэм къызэрыхь гупсысэхэр абы тумыгъакIуэу».

ЦIыхухэм я нэхъыбэм лъэпкъгъэкIуэд я нэгу щыщIэкIкIэ ар къафIэIуэхуэными, апхуэдэ щIыкIкIэ ахэр лейзехьэхэм ягуэуэ хуэдэу мэхъу. Апхуэдэ дыдэу, зи псэм гуэзвэгуэу къыпльыса цIыху къебгъэлынри щхьэ и Тхъэ зэрепльым елъытауэ къыхиха Iуэху зехьэкIэщ. Ильэс бжыгъэшхуэ дэкIа нэужь, журналистэмрэ тхыдэджэкэмрэ цIыхур псэзэпIыльхьэпIэм къызышам къеупщI хуэмурэ, абыхэм жаIэ: «Сэ си напэм къысхуищI унафэм сыщIэтауэ арэкъудейщ, си пIэ ита дэтхэнэ зыми арат ищIэнур». ЛъэпкъгъэкIуэдхэм ятеухуауэ щыIэ хъыбархэм къагъэпльагъуэ цIыху къебгъэлыным, ди жагъуэ дыдэ зэрыхуэщи, япэ къэсым щхьэузыхь зэрызыхуимыщIыфыр. А цIыху бжыгъэ мащIэ дыдэращ дунейпсо цIыхубэм я напэр итхьэщIыжын пщэрылъыр зыхьыфыр.

1942 гъэм мазитхуи и кIуэцIкI Кавказ Ищхьэрэм щыщ Беслъэней щэрджэс къуажэм нэмыщдзэр дэтащ. А зэманым къриубыдэу абы сабий 32-рэ щагъэпщкIуфащ: урысхэу, журтхэу, украинхэу, нэгъэщI лъэпкъхэм я бынхэу. Нацистхэм къагурыIуэрт сабийхэр куэдкIэ зэрэщIэлъ. Ауэ зэман

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхъэзырар **ЩХЪЭЩЭМЫЩІ Иэщ**

● Темыркъан Юрэ и илъэс

Темыркъан Юрэрэ Хьэфыщіэ Мухьэмэдрэ.
Налшык парк. 1987 гъэ, шыщхьэуІуи и 8.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Хьэгулывэ хьэнтхъупс

Фіыуэ лъэса хьэгулывэр псы къэкъуалъэм хакІутэ, зэлащІэурэ. МафІэ щабэм тету сыкьэтрэ ныкъуэкІэ ягъавэ, тхъурымбэр къыграхьыурэ. Псыр щІагъэкри, зэлащІэурэ псывэ е лэпс щІакІэ. Шыгъу хадзэ, мафІэр щабэ ящІри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хьуху ягъавэ, тхъурымбэр къыграхьыурэ.

Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къыграхыж, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэкри, дакъикьитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж хьэнтхъупсыр зэлащІэ, фалъэм ираклэри, шатэпс хакІэм. Ираф пщтыру. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэкр (зы цІыху Іыхьэ): хьэгулывэу - г 40, псыуэ - г 1000, псывэу е лэпсу - г 500, шатэпсу - г 40, шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам: тхъууэ - г 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Пщымахуэ и шей

Удзыр кьыщыпаупщІыр щыгъэгъам дежщ, бадзэуэгъуэ, шыщхьэуІу маззэкрщ. Гъэгъам икІ цІыкІуэкр щыгъуу паупщІ, зэкІэрапхэри жьауапІэм е пкІэунэ хуабэм щыфІадзэ. Удзым жьы щІихуу щытын хуейщ. Ар зэрыгъуу яуб, хьуржыным ираклутэри, гъущапІэм щагъэтІылъ.

Пщымахуэ и тхъэмпэм къыщІэвыкІа псым къалмыкъ шей ирагъавэ, шэ, шатэпс хакІэри, шыгъу, шыбжий, джэдгын хадзэри. Лэкъум, мэждажь, чыржын драф. Зи жьэжьей узэхэмкІэ сэбэлщ.

Халъхьэкр: удз гъэгъауэ - г 100, псывэу - л 3, шэ щІэмыхуу - л 2, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, бурушу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ЖыІэгъуэхэр

Зи жыпыр къуауэ ирикъуа щыІэ?

♦ЩІэх-щІэхыурэ къакІуэ хьэщІэр щІэщыгъуэкъым.
♦Хьэтырым пщІэ щІатыркъым.
♦ФитІнэр, пцІыупсыр, бзэгузехьэр хьэм яушхыж.
♦Хуэпщ1э мащІэр фІыщІэ зымыщІым къыпхуищІэнІакІэ ущымыгугъ.
♦Хьэр къугъмэ, дыгъур благъэщ.
♦Бланэ щалъху йокІуэлІэж жаІэ, ауэ сыт цІыхум щалъхуар щІихъуэжыр?
♦Цыжь топу щІахуэри, и нэр ягъаплъэркъым.
♦Хьэмаскім и дзэр илъагъури, хьэмыщэм и кІэр диупщІащ.
♦Зи жыпір къуауэ ирикъуа щыІэ?
♦ХьитІыр зэжьэхолъэ, зэхуодзэлашхэри, арэзыуэ зэбгъэдокІыж.
♦Зи щхьэ хуитыж псор насыпыфІэкъым.
♦И ныбэм из щхьэкІэ, и насыпыпъэр нэщІ.
♦ЦІыху жумартым итыр фІэмащІэщ.
♦Псапэ зыщІэфым и насыпщи, насыпкІэ ирикъуаи щыІэкъым.
♦Пщащэм игури и псэри яхьэхури, и хуитыныгъэри дагъэкІуащ.
♦Хьибгъум ягъэбгъунлъэ дыгъужьу, зеплъыхь.
♦ПІалъэ къыхигъэкІами, и Іуэхур къикІакъым.

КІУАНТІЭ Іэзид.

● Псалъэжьхэр

Зэхэпх псор уи фІэщ умыщІ

♦Зи былым кІуэдам гуэныхьищэ къехь.
♦Зи жьэ зэІумыщІэм я гухэлъ зэрыщІэркъым.
♦Зи жьэ куэд жиІэм и Іэ куэд ищІэркъым.
♦Зи гъэм шкІэщ, етІуанэм жэмщ.
♦Зы гъэр тІэу къакІуэркъым.
♦Зы цІыхум жылэм фэ трегъэуэф.
♦Зэхэпх псор уи фІэщ умыщІ.
♦ИкІута из хъужыркъым.
♦ИкІэм упытми, зы гуп яхэт.
♦Ишхыр фІэмащІэщ, ищІэр фІэкуэдщ.
♦КІапсэр кІыхьмэ, фЫщи, псалъэр кІэщІмэ, нэхъыфІыжщ.
♦КІыфІми укъыщалъагъу, губгъуэми ущыпэхах.
♦КІэпІейкІэм щІэгупсысурэ сомыр хилъхьащ.
♦Кьуэдым ущыгугъыу мащІэм зыхыумыгъэн.
♦Къапхъэнми имыгъапцІэ иубыдыркъым.
♦КЪутэгъуафІэ щхьэкІэ - щІыжыгъуафІэкъым.
♦Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3.** Пасэрей Іэщэ лІэужьыгъуэ. Ди зэманым абыкІэ спорт зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІ. **6.** Іуэху щІэн зи жагъуэ, течыгъуей, щхьэхыпэ. **8.** Зи пхъэр щабэ, гъэмахуэпэ мазэм гъагъэ жыг, бжьхэм фо къыпахыу. **9.** ЦІыхубз пшэрыхь ... **11.** Уиунэгъэм къыщІагъэсэбэп. Апхуэдэ къумым щыкуэдщ. **14.** Псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **15.** Джэрэзыжь, мылым кьыщагъафэ. **18.** Хьэцэпэцэ пыупщІар щалуэкІэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу ар кьыщІокІ. **19.** Уафэм кьех псыІэгъэ. **20.** ИлъэситІ, щы зи ныбжь шыщІэхьу мыгъасэ. **22.** Нэхъапэм адыгэм абы ирадзэрт щІэпхъаджагъэ зылжьар. **25.** Социалист Лэжьыгъэм Лыхъужь ... Алий. **26.** Совет зэманым щІакхъуэ хужь къызыщІэкІыу щыта ахъшэ жьгъей. **27.** Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фЫыгъэкІэ Лъэпщ ищІа Іэмэпсымэ. **30.** Къэнжал хьэку цІыкІу. **31.** Къалэ-лІыхъужь. **32.** Ху къыдзыщІалъэкІ къэкІыгъэ. **34.** Мэ дахэ къыдзыих тКІуатКІуэ. **35.** ... куцІрэ фо цІынэрэ. **37.** ЩІэжьей. **38.** ЩІыпІэ хуабзкэм хьэлъэдзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ пІащэ. **40.** НыбжьыщІэхэм я ... къэкІуэгъуэщ. **43.** Губгъуэ джэдкъаз пІащэ, лъатэу. **44.** Пащтыхым и шэнт гъэщІэрэщІа. **45.** Гъыриныэ.

Къехьу: **1.** Мэжджыгым хэтщ ... джапІэ. **2.** Джэдкъаз. **3.** ... уэздыгъэ. Е бех гъэвжа. **4.** Хьарбыз ... е кхъуей ... **5.** Щоджэнщыкі Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткъ. **7.** АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **10.** ЕджакІуэ цІыкІухэм къуалэбзуи ... хуащІащ. **12.** ІэмыкІуэлъэмыкІуэ. **13.** ЖьантІэм ущІэмыкъу, ... къыпІлъысынщ. **14.** Языныкъуэ удэхэм ятет «мастэ». **16.** ... зимыІэм дзажэпкъ иІэщ. **17.** Псы кьиуам кърихьэххэм щхьэкІэ апхуэдэу жаІэ. **21.** НэщІащэм и къэухь. **22.** «Мыр сыт, ... баЦэжь цІыкІу, иджыри гъэзгум утети!» - ЩоджэнцІыкІу Алий и рассказ «Хьэжыгъэ пут закъуэм» щыщщ. **23.** ЩІы къиуда. **24.** Зеиншэ. **28.** ЧнутІым апхуэдэуи йоджэ. **29.** Псалъэ дахэм ... гъэзмбым къреш. **33.** Автомашинэм, шыгум е лъакъуэрыгъажэм я зы Іыхьэ. **34.** ЕгъэджакІуэм цІыкІуэм ... ириатащ, унэм щащІыжьну. **36.** Пхъэщхьэмыщхьэ быдзэ. **37.** Хьэкъуцыкъу. **38.** ЩІыІум зэреджэ нэгъэзщІыцІэ. **39.** Гъэшхэкі. **41.** Тэрч районым хиубыдэ кьуажэ. **42.** ЕуэкІыпІэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Бадзэуэгъуэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Уэзрэдж. **6.** Щхьэмыж. **9.** Кьузгъун. **11.** Шылэм. **12.** Самэ. **13.** Хур. **14.** Дакъэ. **16.** Ахъуэхъу. **18.** Хьэ. **20.** Фэнд. **22.** Бжьэпэ. **23.** Хьэлэ. **24.** Ипэ. **25.** Псы. **26.** Блэ. **29.** Джатэ. **30.** Напэм. **32.** Лыгъэ. **33.** ЛІы. **34.** Шэпхъ. **35.** Бэум. **37.** ЛІы. **39.** Амыщ. **40.** КІэрэф. **42.** Кьуагуэ. **43.** Сохъустэ. **45.** Гурыщхьэ.

Къехьу: **1.** Уэ. **2.** Хьэрщ. **3.** Щхьэм. **4.** Кьум. **5.** Уэзырмэс. **7.** Жэмтхьэлэ. **8.** Кхъулэ. **10.** Нэд. **12.** Сэхъу. **15.** Кьэб. **17.** Хьэщ. **19.** СэхуСэплъ. **21.** Дапхъэ. **23.** Хьэлэл. **27.** Къагырмэс. **28.** Бгъэлыгубэ. **30.** Ныпъ. **31.** Мэз. **34.** Шэщ. **36.** Мэкъу. **38.** «Къуэр». **40.** КІыпІэ. Фырэ. **44.** Хьуп. **46.** Щэ.

● ГушыІэхэр

УнкІыфІ-къыщІэнэж

Къуажэ трактористхэр зэкІэлъхьэужьу Налшык къалэ ягъэкІуат, комбикорм къашэну. ЯгъэкІуар Іэзхут! Тракторист ПІытІу Налшык кІуэн дзэ къэна, илъэс щащІым фІихуауэ кьуажэм кьыдэкІатэкъым, губгъуэ нэхъ жьыжьи ІукІатэкъым. Налшык узрамкэр кьуажэм иригъэщхьа?! Светофор кьаблэм емыплъу зэпрыжауэ здэкІуэм, автоинспекторым кьигъэувыІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, кьуэш?
- Уэлэхьэ, сокІуэжьым. Сытыт?
- УкІуэжьыр хьарзынэщ, ауэ мо светофорым плъыжьыр кьаблэу щхьэ узэпрыжа?
- Сыт светофор?
- Месри, зиунагъуэрэ, мор плъагъуркъэ? Мо ункІыфІкъыщІэнэжьыр...
- Мори?.. Уэлэхьэ, ар махуэшхуэм щхьэкІэ къыфІалъхьа си гугъам!

Кхъэм сыкъикІыжынкъым

Амдул и гъунэгъум ахъшэ щІыхуэ къыІихауэ кьыдыехэж пэтрэ, кьуажэ унафэщІхэм ящыщ шим кьигъэувыІащ.

- Амдул, кьуажэм ахъшэ зэхалъхьэри, уэри хьымылъхьэу хьунукъым.
- Ар сыт щхьэкІэ? - щІэупщІащ Амдул, щІыхуэу кьишта тІэкІур икъуэу.
- Къуажэкхъэр кьиззрыхухьа мывэ бжьыхьэр къэуащ, зэгъэпэщыжьын хуейщ.
- Хьуну щытмэ, щІыхуэу къэсщта тІэкІур сІывмыс. Сэ а кхъэм сахьа нэужь, бжьыхьым сыкъемыпкІэжьыну фыкьызогъэгугъэ!..

ДУМЭН Мурадин.

● Къэхъуа

Си анэшхуэм и щапхъэ

Дыгъэ жьэражьэм мыпІащІэурэ нартыху щхьэц бэлацэхэр игъэлыгъуэрт, гъэр зи кІыхьагъым езэш зымыщІа бзуэри зэдежьууэ ихъуреягьым щыбзэрабзэрт, ди хьэжьми, ду щІагъыр жьауапІэу кьиІгъуэтауэ, абдеж зыкьышцыхсуигъафІэрт.

Нобэ хуэдэу псори си кІэу кьыщІохьэж... Си ІитІыр дафэ щхьэцантІэхэм пагъэуфІыцІыкІат, сэ сфІэгъэщІэгъэну сахэпльэрт ди пщІантІэм чэзуурэ, кІэщІкІэщІурэ кьыдыхьэурэ си адэм сэлам гуапэкІэ кьуригъэблагъэхэм, кьызыфІэзмыгъэІуэхуурэ захуэзгъэлІышхуэт, арщхьэкІэ гулъытэ леи зыми кьысхуищІыртэкъым. Куэд щІат гу зэрыльыстэрэ си анэшхуэмрэ си анэмрэ ди жьэмкъэжр зэдэІэпыкъуу кьиузрамышрэ, а кьалэныр си адэм и закъуэ кьыльысуи зэрыхъэм. Си анэшхуэрацІи, махуэ зыбжанэ хьуауэ сльэгъуэтэкъым, ар дыгъафІэмкІэ гъэза пэш щхьэхуэм щІэлът, зэм си анэр, зэм ди деж къэкІуэжауэ щыІэ, фЫыщу сыкъэзылъагъу, си адэм и шыпхъу ЩхьэІишт и ГъусэУ щІэст, и закъуэуи зы дакъикъ къагъанэртэкъым. Си анэм идэтэкъым хьэщІэщымкІэ сыщІыхьэу: «Абдежым сабий джэгупІэкъым, уи анэшхуэм зегъэгъэпсэху», - жиІэт. Нэхъыби кьыузжиІэртэкъым, сэри абы кьыхэкІкІэ нэхъ лейуэ а пэшыр сфІэгъэщІэгъэнт, абы кьыщекІуэкІым зэзэмызэ сыщІэдэІурт, сыкъыІукІуэртэ сыщІэплъэрт. Иужьрей махуэ зытІущым къриубыдэу ди благъэу сцІыхуу хъуар ди щІантІэм дэтат, сымыщІыхуэхэуи кьыдыхьар нэхъыбэжт.

Си анэмрэ ди гъунэгъу нысащІэмрэ зэщІыгъуу пщэфІапІэм чыржын щагъажьэщ, абы дыщІыгъуу кхъэущІэн из щэ кьащтри, си анэшхуэм и пэш щхьэхуэмкІэ ягъэзэжащ. Сэ пщафІапІэм сыщІэст, Іэнэ лъакъуищым кьысхутралъхьа чыржын пщтырыбзэм семызэгъуу, Іэкіэ зеиздзэрэ згъэупщІыуу, сшхын хэзгъэщи щымыІэу япщэфІам сриджэгуурэ зытезгъэурт. ПщэфІапІэм сыкьыщІэплъри, си ныбжь хэкІуэта цІыхубз зыбжанэ пщІантІэм кьыдыхьэу къэслъэгъуащ, ахэр псори сцІыхурт, си хьэблэ ирикІуэм тесхэти - Хуржан, Кулэ, Минсурэт... Ауэ псом нэхърэ нэхъ згъэщІэгъуар зи Іэблэр яІыгъыу абыхэм кьыздаша Науэст. Науэс кьыщалъхуар зыщІи абы и ныбжьи кьужэм дэмысу кьызжаІаэу сщІэрт, ар уэрамым кьыдэкІаеуи бжэІупэм Іусуи слъэгуатэкъым, я унэ щІэсу фІэкІа. Ар сфІэгъэщІэгъуэн зэрыхъуар пхуэІутэтэнтэкъыми, щэху цІыкІурэ пщІантІэкумкІэ сыкъэкІуэтащ. ЗыгуэркэмкІэ епсэлъыпІэуэрэ си анэм ахэр си анэшхуэм и пэшымкІи щІишащ. Ешхэр зэбгъэдэсыну кьызэхуигъанэри, пщэфІапІэмкІэ игъэзэжащ си анэм. А зэман кІэщІ кьысІэрыхьар кьызгъэсэбэпу, зэ сыщІэплъэну мурад сщІащ си анэшхуэм и унэ цІыкІум. ТІэкІуи сытегушхуэртэкъым, сежьэзэрэ зэ сыкъэуфыІэмэ, сызэрыщІэмыкьэнур сщІэрти, сыщІэпхъуэри сызэрыжэм хуэдэу сыщІащІащІ. Си анэшхуэр пІэм хэлът, кьыщыхьа хьэблэ цІыхубзхэри бгъэдэсхэт. СызэрыщІыхьэуи нанэ гу кьыслъитащ: си пІэм сижьыхьам ярейуэ, утыкум ситт, псори сфІэгъэщІэгъуэну зысплъыхьу.

Си анэшхуэм гу кьызэрыслъитэу, хуэмурэ зыкьиІэтын щІидзащ, ар кьыщалъагъум Кулэрэ Хуржанрэ дэІэпыкъуурэ, нанэ кьызэфІагъэувэпащ. Абдежым Минсурэт си анэшхуэм кьеупщІащ: «ЩхьэпжьэкІэ?» - жиІэри. Нани и жэуапыр ьхъэзырт: «ЦІыхухъу кьыщІыхьащи сыкъотэдж». Минсурэт зэ ІуплъэгъуэкІэ кьысхуеплъэкІри: «Ар сабийщ, на», - жиІащ. «Дапщэ и ныбжьми, цІыхухъущ», - иритыжащ абы си анэшхуэм жэуап.

Сэ утыкум ситт, си анэшхуэр, Кулэ, Хуржан, Минсурэт, Науэс сымэ кьысщхьэщыту. ЩІэжу кьызэплъу щыт си анэшхуэм а дакъикъэм игу схуилъ псор псалъэншэу кьызгуригъэІуэфащ.

Махуищ нэхъ щІыкІыжу дунейм ехыжащ си анэшхуэр, абы сызыхуиущІа куэд си гум кьинэжаеуи илъ, ауэ псом нэхърэ нэхъ лейуэ си нэгу кьыщІыхьэжыр а пэш зэв цІыкІум кьыщыхьуарщ, си анэшхуэм и псалъэм кьыхэсха дерсыщ - цІыхухъум, сыт имыныбжьми, пщІэ лей хуищІу зэрыщытарщ.

ДЖЭДГЪЭФ Беслъэн.

«Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ»

● Зы уэрэдым и хъыбар

Анэм теухуа уэсрэ уэрэду ятхам щыщ куэд щІыхухэм я гум зэрыдыхьам и щІыхьэту, ди зэманым къэсащ. Абыхэм ящыщ зыщ, илъэс щэ нкьуэ хуэдизкІэ узэІэбэжьмэ, уэрэдус, макъэмэтх Щомахуэ Хьэсэнбий зэхилъхьауэ щыта «Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ» жьхуиІэр.

- Анэм теухуауэ уэрэд зыбжанэ стхащи, анэмрэ бынымрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэр, лъагъуныгъэр нэсу кьыскьэІуэтауэ схужьыІэнукъым. Ар кьызыхуэгъэлъэгъуаи щыІэу кьыщІэкІынукъым, - кьыддогуашэ Щомахуэр. - ФІы дыдэу сощІэж ди анэр кьыттегужьеикІауэ дызэриплІар. Зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэти, щыгъыныдзэуи ерыскьышнэуи махуэ куэд щыдгъэкІуэ кьытхуихуащ. Нобэми си нэгум щІэтщ кьытхуищІэнур имыщІэу и гур хэщІу зэрыщытар. Анэм кьыпхуищІэр зэи пхуэмыпшынынхьэкъщ. Сыкъэзылъхуам хуэдизкІэ Іэфлагъыр, хуабагъыр кьэзгъэлъагъуэу, абы и пІалъэныгъэр цІыхухъэм зыхеэзгъэщІэн мурадкІэ стха уэрэдыр дунейм кьыззэрытехьэрэ илъэс куэд дэкІыжами, иджыри цІыхубзэ зэращымыгъупщІар си гуапэщ.

Ялуэ уэрэдыр ягъэзэщІащ РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Сосмакъ Валентинэрэ Уэтэр Анатолэрэ.

КІУНТІЫЩ-ХЬЭПЦІЭ Аннэ,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

* * *

Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ,
Уи щхьэц налъэр хуэами уэс чэсей.
Сыт щІыжьпІэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Хъурэ жьы Хэку-анэр, щІыр, дунейр?
Гъатхэ пасэу зи щІэщІыгъуэ дянэ,
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ,
НэкІу дыщафэм ибэми зэлъа.
Сыт щІыжьпІэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Уи Іэужь тетыхукІэ щІы хъурейм.
Гу щабагъэр зи фэеплъу, анэ,
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

Псэм и щІасэу, нэм и ухъахуэу, мамэ,
Зи Іэфыгъэр гъащІэ къару щэху,
Сыт щІыжьпІэр жьы ухъуауэ, мамэ,
Уи псэр Іуту цІыху дунейм тетыхУ?
Уэ жумыІэ жьы ухъуауэ, мамэ
Жьы ухъуакъым уэ иджыри, мамэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылпасэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокьуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къумахуэ Асльан, Истэман Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдэкъ Замирэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуущапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьакІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *суРэттхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.173 ● Заказ №742